



Pou Piblikasyon Imedya: 04/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU INISYATIV ANBOCHAJ LOKAL K AP
MENNEN NAN NASYON AN NAN SYRACUSE NAN KAD PWOJÈ VYADIK I-81
ISTORIK LA**

*Pi gwo pwojè nan istwa NYSDOT ki te site pa Administrasyon Otowout Federal
kòm yon egzanp pou lòt eta yo swiv nan ["yon Fèydewout pou Devlopman Mendèv
nan Konstriksyon Otowout ki Chaje"](#)*

*Inisyativ anbochaj lokal sou chemen pou atenn oswa depase objektif 15 pousan
nan mendèv total pandan NYSDOT ak DOL devwale nouvo [fòmilè pou moun k ap
chèche travay sou entènèt](#) pou rasyonalize pwosesis anbochaj lokal la*

*Nouvo wonpwen– premye wonpwen nan Vil Syracuse – ouvè semèn sa a sou
East Brighton Avenue*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mete aksan sou pwogrè enpòtan ke Pwojè Vyadik I-81 Depatman Transpò Eta a te fè pou asire rezidan lokal yo nan vil Syracuse benefisye opòtinite ekonomik pwojè istorik sa a prezante. Nan kòmansman ane 2022 a, Administrasyon Otowout Federal la te pibliye yon avi nan Rejis Federal la konsènan itilizasyon preferans anbochaj lokal yo sou pwojè FHWA yo nan kad Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) la. Inisyativ anbochaj lokal I-81 NYSDOT mete sou pye se youn nan premye pwogram sa yo ki te lanse nan nasyon an nan kad BIL epi li deja gen yon enpak enpòtan sou kominote lokal la, sou pwen ke FHWA te pibliye dènyèmman ["Yon Fèydewout pou Devlopman Mendèv nan Konstriksyon Otowout ki Chaje"](#) lè l sèvi avèk Pwojè Vyadik I-81 an kòm yon fèydewout pou lòt eta yo swiv. Inisyativ la asire rezidan k ap viv nan kòd postal ki fòme Vil Syracuse ak Teritwa Nasyon Onondaga yo jwenn yon opòtinite pou yo travay sou pwojè k ap fèt nan pwòp lakou pa yo, pou gide moun ki enterese yo atravè chak etap nan pwosesis anplwa a, depi nan koneksyon ak fòmasyon rive nan plasman ak retansyon. Jiskaprezan, 136 anplwaye te abòd atravè inisyativ la epi objektif la se pou chak kontra pwojè genyen omwen 15 pousan nan mendèv li reprezante travayè yo anboche lokalman. Jodi a, premye kontra a nan 13 pousan, dezyèm kontra se 17 pousan, epi twazyèm kontra se 11 pousan.

"Inisyativ Anbochaj Lokal la ap ouvri pòt pou yon pi bon avni pou rezidan New York Santral ak fanmi yo, epi se sèlman kòmansman an", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Pwojè Vyadik I-81 an pral kreye nouvo opòtinite pou Syracuse ak New York Santral nan rekonekte yon vil ki dechire nan konstriksyon vyadik la, epi li pral asire ke manm kominote lokal la fè pati siksè pwojè a."

Fòmilè pou moun k ap chèche travay

Konstriksyon an fèk kòmanse nan katriyèm kontra pwojè Vyadik I-81 an, ki pral bati sou siksè twa lòt kontra yo, epi li fèk vin pi fasil pou rezidan lokal yo reyalize premye pa yo gras ak yon nouvo pòtay sou entènèt sou sit entènèt pwojè a pou fasilite rekritman ak fòmasyon travayè lokal yo. [Fòmilè pou moun k ap chèche travay pou Pwojè Vyadik I-81 an](#), ki te kreye an patenarya ak Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta a, pral rasyonnalize pwosesis anbochaj la epi konekte Nouyòkè Santral ki ap chèche travay aktivman nan pwojè plizyè milya dola ak patnè mendèv ki pare pou fòme ak anplwaye yo. Sitiye sou sitwèb [Pwojè Vyadik I-81 an](#), fòmilè a pèmèt kandida yo ranpli yon kesyonè pèsonèl ki kout, soumèt enfòmasyon yo epi tann yo rele yo an retou. Patnè mendèv lokal yo kolekte enfòmasyon yo, rele kandida a, epi kòmanse detèmine pwochen etap yo. Nou ankouraje moun ki abite nan Vil Syracuse ak Nasyon Onondaga a, ki gendwa fè eksperyans difikilte ekonomik ak/oswa baryè pou travay epi ki enterese travay sou Pwojè Viaduct I-81 an, pou yo ale sou Entènèt epi ranpli fòmilè admisyon pou moun k ap chèche travay la. Deja, plis pase 180 moun te itilize fòmilè a depi lè li te aktive an jiyè.

Kòm yon pati nan Inisyativ anbochaj lokal la, DOT ak DOL te kolabore ak gwoup travay yo – ki gen ladan Gwoup Travay sou Anplwa Iben (Urban Jobs Task Force,) Syracuse Build and Pathways to Apprenticeship, SUNY EOC, CenterState CEO, CNY Works, Santral-Northern New York Building & Construction Trades Council, Vil Syracuse, Konte Onondaga, ak Nasyon Onondaga – pou fòme WorkSmartNY Syracuse Build Collaborative, ki ap chèche ogmante kantite moun ki resevwa fòmasyon ak anbochaj sou pwojè a epi bay sèvis sipò ki nesèsè pou navige avèk siksè nan yon nouvo chemen karyè. Yo bay kontraktè yo tou yon peman ankourajman pou rekritman ak retansyon rezidan Syracuse ak Nasyon Onondaga.

Anplis de sa, Depatman Travay te jwenn yon sibvansyon 4.5 milyon dola ki pral pèmèt CNY Works anboche yon Konseye Mendèv I-81, ki pral fonksyone kòm kontak sèvis kle pou moun k ap chèche travay k ap vizite Sant Kominotè NYSDOT nan Tucker Missionary Baptist Church ak Hills Building, ansanm ak travay, fòmasyon, ak fwa resous yo. Konseye mendèv la ap ede idantifye kandida yo epi fè evalyasyon konplè pou detèmine konpetans travay yo, devlope plan travay endividyèl yo epi bay konsèy sou karyè ak asistans plasman.

Pwojè Vyadik I-81 inovan fè pati angajman san parèy Gouvènè Hochul pou modènize enfrastrikti Eta New York ak envesti nan pwojè ki pwomouvwa ekite, konektivite ak opòtinite transpò milti-modal pou kominote yo toupatou nan eta a. Plan Kapital Eta NYSDOT 33 milya dola ki te adopte an 2022 a ede akonpli vizyon Gouvènè a pou yon sistèm transpò modèn ki sèvi Nouyòkè yo atravè eta a. Pwojè a pral finanse avèk yon melanj resous federal ak eta. Plan an gen ladan tou plis pase 3 milya dola pou rekonekte kominote yo soti nan Bronx rive nan Buffalo, ki gen ladan pwojè Kensington

Expressway nan Buffalo, pwojè Inner Loop nan Rochester, Pwojè Vyadik I-81 nan Syracuse, pwojè Livingston Avenue Bridge nan Rejyon Kapital la ak pwojè Amelyorasyon Hunts Point Access nan South Bronx.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Kominote nan New York Santral te klè, epi nou te koute – avèk nivo investisman rekò nan enfrastrikti li dwe pwofitab pou tout moun – kidonk investi nan mendèv lokal la se fason ki pi asire pou garanti non sèlman siksè Vyadik Pwojè 81 Interstate la, men tou sante ekonomik alontèm, ak jenerasyonèl moun k ap viv nan Syracuse ak tout kominote nan Rejyon New York Santral la. Atravè efò kolaborasyon nou yo ak anpil patnè eta ak lokal nou yo nan kad inisyativ anbochaj lokal revolisyonè, ki rekonèt nasyonan an, nou ka vrèman asire ke kominote ki te soufri pi plis nan konstriksyon vyadik la patisipe nan gwo benefis ki soti nan retire li."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Pwojè Vyadik I-81 an demontre pouvwa investisman enfrastrikti pou ranfòse kominote New York Santral yo. Lè nou fè patenarya ak Depatman Transpò a, n ap asire benefis pwojè istorik sa a rete lokal. Nouvo fòmilè pou moun k ap chèche travay la se yon zouti enpòtan ki konekte rezidan yo ak yon travay ki gen sans, sa ki pèmèt yo kontribye dirèkteman nan transfòmasyon pwòp katye yo."

Administratè Otowout Federal la, Shailen Bhatt, te deklare, "Ajanda Investi nan Amerik Prezidan Biden lan ap fè investisman istorik nan enfrastrikti nasyon nou an—nan New York ak nan tout peyi a—pou rekonekte kominote yo, amelyore sekirite, epi bay pi bon opsyon vwayaj ki satisfè bezwen rezidan lokal yo epi konekte yo ak opòtinite pou plizyè deseni k ap vini yo. Nou fyè pou nou investi nan siksè pwojè sa a ki pral kreye plizyè milye nouvo djòb nan konstriksyon epi ki pral pote chanjman transfòmasyon pou kominote ki nan Syracuse ak ozalantou".

Premye Wonpwen nan Vil Syracuse

Gen gwo konstriksyon ap fèt nan echanj I-481/I-81 ki egziste deja nan nò ak sid (nan fiti I-81/Business Loop 81) pou plis pase yon ane, ak travay sou yon twazyèm kontra ki te kòmanse dènyèmman sou Northside ak Inner Harbor Syracuse la. Yon katyèm kontra, ki kòmanse konstriksyon rezo kominote a sou Eastside Syracuse la, te akòde an jiyè, epi yon senkyèm kontra, ki pral kòmanse konstriksyon nan pòsyon sid nan Business Loop 81 nan fen 2024, yo prevwa yo dwe akòde nan semèn k ap vini yo.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse premye wonpwen vil la, ki te konstwi kòm yon pati nan Pwojè Viaduct la, pral ouvri semèn sa a sou East Brighton Avenue, pou amelyore sekirite ak amelyore sikilasyon pou otomobilis k ap sòti nan Interstate 481 nan direksyon sid (fiti Interstate 81) ak moun k ap antre nan I-81 nan direksyon nò. Konstwi kòm yon pati nan dezyèm kontra a, nouvo wonpwen an ranplase siyal sikilasyon nan entèseksyon East Brighton Avenue ak ranp ki soti nan I-481 ki egziste deja nan direksyon sid (fiti Interstate 81). Sitiye jis nan nò pon East Brighton Avenue an sou I-481, wonpwen an pral konekte sikilasyon avèk efikasite soti nan I-481 nan direksyon sid (fiti I-81) rive nan East Brighton Avenue epi tou li bay aksè ak East Brighton Avenue ak

aktyèl I-81 an nan direksyon nò. Wonpwen an pral fonksyone nan yon aliyman tanporè jiskaske travay yo fini sou nouvo koneksyon East Glen Avenue an. Aliyman final nouvo wonpwen an pral fèt nan fen ane 2025 la, ak tout pasaj pou pyeton yo, ki gen ladan limyè rektangilè k ap flache rapid, makaj sou pave ak siyal direksyon.

Yo konsevwa wonpwen yo pou maksimize sekirite ak minimize blokis. Yo pi an sekirite, pi dirab ak pi efikas pase entèseksyon tradisyonèl yo. Aksidan nan wonpwen yo mwens grav, sa ki lakòz mwens blesi ak moun ki mouri. Wonpwen yo elimine tou nesèsite pou siyal sikilasyon ki mache ak elektrisite. Pou jwenn konsèy sou fason pou w navige yon wonpwen san danje, gade [video](#) ansèyman itil sa a.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Transfòmasyon I-81 Syracuse la ap vin byen vit yon plan nasyonal sou fason pou rekonekte kominote yo pandan y ap kreye travay ki byen peye yo anboche lokalman. Lè m te mennen nan adopsyon Lwa Bilateral sou Enfrastrikti ak Travay, mwen te fè sa ak Syracuse kòm zetwal nò mwen, epi mwen espesyalman te enkli dispozisyon Lokal Hire pou asire ke finansman istorik federal li te enjekte nan pwojè tankou I-81 ta direktman benefisye kominote ki antoure a epi kreye bon jan kalite djòb ak fòmasyon ki ka sipòte travayè NY Santral ak fanmi yo. Kounye a, avèk inogirasyon ak konstriksyon an plen esò gras ak finansman federal istorik mwen te bay la, n ap wè plizyè santèn nouvo travayè resevwa fòmasyon pou antre nan karyè konstriksyon sendika a, ak plizyè milye moun k ap travay pou bay rezidan yo plis opòtinite nan tout vil la. Mwen te mete presyon sou Administrasyon Biden lan pou fè Syracuse yon egzanp nasyonal pou enpak lokal anplwaye yo sou ekonomi zòn nan. Avèk gwo pwojè tankou I-81 ki sou pye, envèstisman k ap chanje jwèt tankou Micron nan orizon an, ak plis finansman federal k ap vini nan Syracuse pase anvan, li vin pi klè chak jou ke avni Syracuse la pi briyan pase avan."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Mwen ekstrèmman kontan pou m wè pwogrè enpòtan yo te fè pou asire ke rezidan zòn Syracuse yo anboche pou Pwojè Vyadik I-81 transfòmatif la, ki se pi gwo pwojè nan istwa NYSDOT. Pwojè Vyadik I-81 an pral revitalize ak rekonekte Syracuse, epi mwen fyè dèske m te goumen pou sekirize resous federal ki nesèse pou fè pwojè sa a vin yon reyalyte. Ansanm, n ap asire nou kreye travay lokal pandan n ap rekonstwi enfrastrikti Syracuse la."

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Re-imaginasyon I-81 an plis pase yon efò enfrastrikti transfòmasyon - se yon opòtinite nan inik nan yon jenerasyon pou ekipe mendèv lokal nou an. Mwen te di depi nan premye jou ke pwojè sa a dwe bay travay lokal yo priyorite, epi mwen ankouraje moun k ap chèche travay nan New York Santral pou yo konekte ak opòtinite yo atravè nouvo pòtay travay la. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Depatman Transpò, ak Depatman Travay paske yo te retire baryè ki genyen nan travay ak envestisman nan ekonomi rejyonal nou an."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Se bèl bagay pou finalman wè inogirasyon an epi pwojè I-81 an sou pye. Nou dwe kontinye re-envesti nan kominote a epi asire moun ki afekte nan vyadik la benefisye bon jan kalite travay pwojè a. Nouvo pòtal travay sou entènèt la se yon etap enpòtan nan direksyon pou fè travay ki disponib ak fòmasyon pi

aksesib, bay travayè potansyèl yo opòtinite ak konpetans pou yon avni pi briyan. Lidèchip Gouvènè Hochul te gen yon gwo enpòtans pandan tout transfòmasyon sa a, epi mèsè ak Komisè Dominguez pou sipò inestimab li."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Pwojè Vyadik 81 Interstate la pa sèlman yon pwojè enfrastrikti – se yon opòtinite ki pote transfòmasyon pou moun Syracuse yo. Angajman Gouvènè Hochul pran pou priyorize anplwaye lokal yo asire ke kominote nou an benefisye dirèkteman nan investisman istorik sa a, menm anvan Rezo Kominotè a fini. Nouvo pòtay sou entènèt la se yon zouti enpòtan pou konekte mendèv nou an ak fòmasyon ak opòtinite travay yo bezwen pou fè pati pwojè sa a. Mwen fyè pou m sipòte inisyativ sa a, ki ekipe rezidan nou yo ak ranfòse ekonomi lokal nou an."

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Prepare mendèv lokal la pou patisipe nan pwojè sa yo esansyèl pou asire kominote nou an resevwa benefis maksimòm pwojè sa a. Inisyativ anbochaj lokal la ede nou konekte pi fasilman ak mendèv lokal nou an ak opòtinite Pwojè Vyadik I-81 an prezante."

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Konte ak rejyon nou an ap fè eksperyans investisman ak kwasans istorik k ap kreye plizyè milye nouvo djòb ak opòtinite, men kwasans ak investisman sa a pa vle di anyen sof si nou asire ke chak manm kominote nou an ka pwofite opòtinite sa yo. Travay ak patnè gouvènman parèy nou yo, ansanm ak sektè prive a, administrasyon mwen an te travay avèk dilijans pou bay resous ki nesèsè yo ak sipò pou angaje ak otorize moun ki nan kominote nou an ki twò souvan neglije. Deziyasyon sa a pa administrasyon otowout federal la se prè ke efò kolektif sa yo ap travay epi fè yon diferans reyèl. Mèsè a tout patnè nou yo ki te ede nou fè sa reyalize, epi mwen pa ka tann pou bati sou siksè sa a ak pwochen pwojè yo."

Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare, "Syracuse ap montre mond lan kijan kominote yo ka rekonstwi enfrastrikti piblik yo epi investi nan pwòp rezidan yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Depatman Transpò Eta New York te travay kòt a kòt ak Vil Syracuse, Gwoup Travay sou Anplwa Iben, Konsèy Metye Konstriksyon Nò New York Santral, CenterState CEO ak lòt patnè lokal yo pou asire ke yo santi benefis pwojè istorik sa a yo isit la nan katye nou yo, ekipe rezidan yo ak travay, konpetans, ak yon enterè pataje nan avni Syracuse. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Komisè Dominguez, Komisè Reardon ak travayè òganize nou yo ak patnè kominotè nou yo pou travay di yo pou fè Syracuse vin yon lidè nasyonal nan pwogrè lokal yo. Nou gen anpil travay ki rete pou nou fè, men nou prale nan bon direksyon an."

Gwoup Travay sou Anplwa Iben, te deklare, "Sa n ap fè ozalantou anbochaj lokal ak pwojè I-81 an se yon bagay ki remakab. Depatman Transpò Eta New York nou an, ki te sipòte pa Depatman Travay Eta New York ak Vil Syracuse, pa te manke fè efò pou asire objektif 15% anbochaj lokal yo reyisi. Yo te travay men nan men ak Gwoup Travay sou Anplwa Iben an nan chak etap nan wout la, trete kominote a kòm yon patnè egal-ego nan devlopman nan investisman istorik enfrastrikti sa a. Fidèl ak tradisyon New York, n ap sèvi kòm yon modèl pou rès nasyon an isit la nan Syracuse. Sa a se pi bon

gouvènans kolaborasyon, epi nou pa ta ka plis fyè de tout travay ki te fèt nan inisyativ imans sa a, ak lavi k ap transfòme kòm rezilta."

SUNY EOC, te deklare, "Inisyativ anbochaj lokal pwojè I-81 a, ki fè patenarya ak Syracuse Educational Opportunity Center, ouvri pòt ki te fèmen depi lontan pou anpil moun nan kominote nou an. Li transfòme yon rekonstriksyon otowout an yon chemen pou otonomi ekonomik, bay moun ki istorikman te rete dèyè yon chans pou konstwi alafwa enfrastrikti vil nou an ak pwòp avni pa yo. Pwogram sa a non sèlman kreye travay; li kreye espwa, kraze sik dezavantaj yo ak pwouve ke ak bon opòtinite yo, tout moun ka kontribye ak benefisye nan kwasans vil nou an."

Aimee Durfee, Vis Prezidan Inovasyon Mendèv nan CenterState, te deklare, "Nou fyè pou nou travay avèk anpil patnè Syracuse Build ki te reyini ansanm pou avanse opòtinite pwojè tankou I-81. Kolaborasyon nou wè atravè òganizasyon yo nesèsè pou fè aliman sistèm yo epi asire travay sa yo disponib pou moun ki vle kòmanse yon karyè nan konstriksyon. Li enpòtan pou nou kontinye pote plis rezidan Syracuse nan pwojè kominotè enpòtan sa yo epi asire yo gen konpetans ki nesèsè pou gen siksè."

Konsèy Metye Bilding ak Konstriksyon Nò New York Santral, te deklare, "Eleman Lokal Hire nan ranplasman vyadik I - 81 an ap kontinye bay djòb pou moun ki abite nan kominote Syracuse ak CNY yo, enkli chemen pou konstwi aprantisaj sendika yo. Inisyativ anbochaj lokal la, ak siksè li, se yon rezilta efò ki te mennen pa Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta New York, ak Depatman Travay Eta New York la."

Swiv Pwojè Vyadik I-81 ab sou [Facebook](#), [Instagram](#), and [X](#) oswa vizite [sit wèb](#) nou an.

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta New York pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)